

# tès kesyonè nasyonal ane 2015

*Preparasyon pou Resansman 2020 an*

Biwo resansman an ap prepare tès an 2015 ki ap kapab amelyore Resansman ki pral fèt an 2020 anpil.

Biwo Resansman an ap chèche mwayen ki pi modèn epi ki koute mwen chè pou popilasyon an ka egzèse obligasyon sivik yo pou yo ka konte nan resansman 2020 an. Kèlkeswa atravè Entènèt, pa telefòn, oswa ak kesyonè tradisyonèl sou papye, Biwo Resansman an angaje l pou l fè depouyman obligatwa yon fwa chak dizan an rapid, fasil epi ki garanti pou tout moun patisipe. Genyen yon pakèt tès ki planife pou 2015, chak ap genyen bi yo ak objektif yo.

## tès kesyonè nasyonal ane 2015



Se Biwo Resansman Ameriken an ki a administre tès kesyonè nasyonal ane 2015 lan pou teste kontni kesyonè resansman an epi pou jwenn to patisipasyon sou dimansyon nasyonal pou repons sou entènèt ak repons ou ekri pou kont ou. Yo pral voye tès resansman an bay yon echantyon ki reprezentatif apeprè 1.2 milyon kay ki nan Etazini ak Pòtoriko. Yo planife pou kòmanse tès la 24 Dawou epi la kontinye jis 31 Oktòb 2015. Jou ofisyèl Resansman an se ap Premye (1) Septanm 2015.

## Objektif

Objektif tès la se pou:

- Evalye epi konpare diferan vèsyon kesyon yo pral mande nan Resansman 2020 an, tankou ras ak orijin, relasyon marital, ak pi bon kesyon pou chèche konnen kòman tout moun ta dwe konte apati Jou Resansman.
- Teste diferan kontak estrateji pou amelyore repons sou pwòp tèt ou (pou ankouraje moun pou reponn pou kont yo pou nou pa bezwen voye yon travayè resansman nan kay la), sa ki genyen ladan l 9 apwòch diferan pou kontakte patisipan yo pou ankouraje yo pou reponn, espesyalman pou reponn sou entènèt- ki se yon mwayen ki koute mwen chè epi ki pi efikas.
- Presize estimasyon sou ki konbyen moun yo ap atann pou reponn pou kont yo an 2020, epi ki pòsyon ladan yo yap atann pou reponn sou entènèt, baze sou yon echantyon nasyonal reprezentatif.

Para mais informações, visite o [census.gov](http://census.gov)